# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–21 अगस्त 2025 भोजपुरी समाचार

राज्यसभा आजु ऑनलाइन गेमिंग–प्रमोशन अउर विनियमन–विधेयक दुइ हजार पचीस के ध्वनिमत से पारित कइ दिहलस। लोकसभा काल्हिये ई विधेयक पारित कइले रहल। केन्द्रीय सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव विधेयक के संसद के दुन्नो सदन से पारित भइले पर खुसी जतवले हवें।

**संसद ने हमारे मध्यम वर्ग के परिवारों को मिडिल क्लास फैमिलिज को युवाओं को छात्रों को, उन सबको जो एक बहुत बड़ा नशा समाज में फैल रहा था ऑनलाइन मनी गेमिंग का उससे मुक्ति दिलाई है। और साथ ही साथ ई स्पोर्ट्स और ऑनलाइन सोशल गेमिंग जो समाज के लिए उपयोगी है उसको प्रमोट करने के लिए अथॉरिटी बनाने वाला बिल आज पास किया है। मैं संसद के सभी सदस्यों को इसके लिए धन्यवाद देना चाहूंगा।**

जालंधर के डॉ. बी. आर. आंबेडकर राष्ट्रीय प्रौद्योगिकी संस्थान क अनुसंधान अउर परामर्स विभाग क डीन डॉ. रोहित मेहरा विधेयक के बारे में सरकार के कोसिस क स्वागत कइले हवें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु एटा जिला में सीमेंट प्लांट क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर जनसभा के सम्बोधित करत उहां के कहलीं कि सीमेंट प्लांट के जरिये पांच सौ लोगिन के प्रत्यक्ष, ओहीं तीनि हजार लोगिन के अप्रत्यक्ष काम मिलल हौ।

***आप देख सकते हैं कि यह जो श्री सीमेंट का प्लांट यहां पर स्थापित हुआ है। प्लांट एक है लेकिन इसके माध्यम से प्रत्यक्ष रूप से पांच सौ लोगों को यहां पर कार्य मिला है। तीन हजार से अधिक लोगों को अप्रत्यक्ष रूप से कार्य मिला है।***

हमरे एटा प्रतिनिधि बतवलें कि सीमेंट प्लांट क उत्पादन क्षमता तीनि एमटीपीए बाटे अउर एके आधुनिक तकनीक के साथे डिजाइन कइल गइल बा। एहमें चालीस मेगावाट क्षमता क सोलर पॉवर प्लांटो लगावल गइल हौ, जेहसे ऊर्जा क जरूरति, पर्यावरण के अनुकूल तरीका से पूरा होई।

मुख्यमंत्री राजस्थान क पूर्व राज्यपाल अउर प्रदेस क पूर्व मुख्यमंत्री स्वर्गीय कल्याण सिंह क चउथी पुण्यतिथि पर अलीगढ़ में आयोजित हिन्दू गौरव दिवस समारोहो में हिस्सा लिहलें। उहां के अपने सम्बोधन के दौरान स्वर्गीय कल्याण सिंह के व्यक्तित्व अउर कृतित्व के बारे में बिस्तार से चरचा कइलीं।

**********

भारतीय अंतरिक्ष यात्री अउर भारतीय वायुसेना क ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला आजु रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह से नई दिल्ली में मुलाकाति कइलें। उहां के केंद्रीय विज्ञान अउर प्रौद्योगिकी राज्य मंत्री–स्वतंत्र प्रभार जितेंद्र सिंह के साथे पत्रकार वार्ता में हिस्सा लेत एक्जिओम फोर मिशन के बारे में चरचो कइलीं। येह मौका पर उहां के बतवलीं कि येह मिशन में उनकर काम मिशन पायलट क रहल। उन्हें मिशन के दौरान कमांडर के साथे काम करे के रहल अउर क्रू ड्रैगन के सिस्टम के साथे बतियावे के रहल। सथहीं भारतीय सोधकर्ता लोगिन की ओरि से परिकल्पित, विकसित अउर कार्यान्वित कइल गइल प्रयोगन के अंजाम दीहल रहल। येह बिच्चे लखनऊ क रहवइया शुभांशु शुक्ला के पचीस अगस्त के लखनऊ अइले के ले के उनकर भव्य स्वागत क तइयारी कइल जा रहल हौ।

**********

इंडिया गठबंधन कै उपराष्ट्रपति पद क ओम्मेदवार अउर सर्वोच्च न्यायालय क पूर्व न्यायाधीस बी. सुदर्शन रेड्डी आजु संसद भवन में आपन परचा दाखिल कइलें। एहसे पहिले काल्हि एनडीए गठबंधन क ओम्मेदवार अउर महाराष्ट्र क राज्यपाल सीपी राधाकृष्णन नामांकन परचा भरले रहलें। उपराष्ट्रपति पद खातिर आवे वाला नौ सितम्बर के वोट परी।

**********

राष्ट्रीय मानवाधिकार आयोग कानपुर मेडिकल कॉलेज में एगो मरीज के कथित मउति के मामिला में प्रदेस क मुख्य सचिव अउर पुलिस महानिदेसक के नोटिस जारी कइले हौ। आयोग येह मामिला पर दुइ हफ्ता के भित्तर पुरहर रिपोर्ट मंगले हवे।

**********

प्रदेस सरकार माध्यमिक सिक्षा विभाग में फरजी अंकपत्र अउर प्रमाण पत्र के आधार पर नियुक्ति पावल बाइस अभ्यर्थियन क सेवा खतम कइ दिहले हौ। एकर पुस्टि प्रदेस क माध्यमिक सिक्षा निदेसक कइले हवें। सिक्षा निदेसक के मोताबिक येह सज्जो अभ्यर्थियन के अनियमित तौर से कइल गइल तनखाहि के भुगतान क रिकवरी करवले अउर ओनकरे खिलाफ एफआईआर दरज करावे बदे निरदेसो दीहल गइल बा।

**********

उत्तर प्रदेश लोकसेवा आयोग–यूपीपीएससी के परीक्षा में सामिल होखे बदे वन टाइम रजिस्ट्रेसन–ओटीआर के ले के आयोग अभ्यर्थियन के बड़हन राहति दिहले हौ। अभ्यर्थी अब ओटीआर में मोबाइल नम्बर अउर ई–मेल आईडी गलत दरज भइले पर ओहू के संसोधित कइ सके लें।

**********

आजु मसहूर शहनाई वादक भारत रत्न उस्ताद बिस्मिल्लाह खां क पुण्यतिथि हवे। बनारस क रहवइया उस्ताद बिस्मिल्लाह खां क अठारहवीं पुण्यतिथि पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोसल मीडिया सनेसा के जरिये उन्हें सरधांजलि दिहले हवें।

**********